



MIZAJOU NAN  
DWA AK RESPONSABLITE KONPAYI YO

WE ARE YOUR DOL



	ZÒN	1/1/24	1/1/25	1/1/26
Salè Minimòm Eta Nouyòk	Vil Nouyòk	\$16.00	\$16.50	\$17.00
	Long Island ak Westchester	\$16.00	\$16.50	\$17.00
	Rès pati Eta Nouyòk la	\$15.00	\$15.50	\$16.00

## OFISYÈL 1YE JANVYE 2024:

### SALÈ AK LÈ SIPLEMANTÈ

Kounye a, yo dwe peye tout travayè agrikòl, travayè Viza etranje yo ladan l tou, yon fwa edmi montan nòmal yo peye pou lè yo travay ki plis pase 56 nan yon semèn. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman Travay Eta Nouyòk la nan **877-466-9757** oswa ale sou **Paj Akèy Depatman Travay lal Depatman Travay (ny.gov)**.

## OFISYÈL 1YE JANVYE 2020:

### JOU REPO

Konpayi yo dwe bay omwen yon jou (24 èdtan youn apre lòt) pou repo chak semèn. Konpayi a dwe chwazi, epi fè travayè a konnen alavans, jou repo l la, epi, depi sa posib, asire l jou konje a koresponn ak yon jou tradisyonèl pou adorasyon relijye. Travayè agrikòl yo gen dwa travay nan jou konje yo si yo vle, depi konpayi a peye yo montan pou lè siplemantè. Konpayi yo dwe kenbe yon dosye chak semèn pou lè ak jou ou te travay. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman Travay Eta Nouyòk la nan **877-466-9757** oswa **www.labor.ny.gov/FarmLabor**.

### ASIRANS CHOMAJ

Konpayi yo, ak chèf ekip travayè agrikòl yo, nan kèk kondisyon, yo oblije bay asirans chomaj pwoteksyon pou anplwaye yo. Travayè etranje H-2A yo pa nan asirans chomaj. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman Travay Eta Nouyòk la nan Liy Dirèk Asirans Chomaj la ki se **888-899-8810**.

### KONPANSASYON TRAVAYÈ:

Konpayi yo, pwopriyetè yo ak operatè yo oblije bay asirans pou konpansasyon travayè yo pou anplwaye yo, kèlkeswa lajan yo touche chak ane, e tout konpayi yo oblije afiche avi obligatwa anrapò ak Respè Règleman konpansasyon travayè ni ann Anglè, ni ann Espanyòl. Met sou sa, kontraktè travay agrikòl, chèf ekip ak sipèvizè ki resevwa yon avi sou yon aksidan dwe fè konpayi a, pwopriyetè a oswa operatè nan fèm nan konnen ki kote aksidan an te rive, e konpayi yo gen entèdiksyon pou fè diskriminasyon kont travayè nan jaden ki mande fòmilè reklamasyon konpansasyon travayè. Pou plis enfòmasyon, tanpri, kontakte Komisyon Konpansasyon Travayè yo nan **877-632-4996** oswa **wcb.ny.gov**.\*

## ASIRANS POU ANDIKAP AK KONJE FANMI KI PEYE

Patwon, pwopriyetè ak operatè fèm yo gen obligasyon pou bay asirans pou Moun ki Gen Andikap nan Nouyòk (DB) ak asirans Konje Fanmi ki Peye yo (PFL) pou travayè agrikòl ki kalifye. Gade [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.paidfamilyleave.ny.gov) pou enfòmasyon sou kalifikasyon PFL anplwaye ak eksepsyon pou pa patisipe enskripsyon patwon yo dwe bay moun ki kalifye. Yo entèdi tout konpayi yo fè diskriminasyon kont anplwaye ki mande fòmilè reklamasyon DB oswa PFL. Pou plis enfòmasyon, tanpri rele **844-337-6303**.\*

\*Pou plis enfòmasyon ak resous konpayi ki gen rapò ak konpansasyon travayè yo, asirans pou andikap ak konje fanmi peye, tanpri al gade Zouti Kominyon Konpansasyon Travayè pou Travayè Agrikòl yo sou [www.wcb.ny.gov/farmtoolkit](https://www.wcb.ny.gov/farmtoolkit).

## DWA POU ÒGANIZE

Travayè agrikòl yo gen dwa pou yo òganize, sa gen ladan l fòmè, rantre, oswa ede nan òganizasyon travay yo, ak dwa a negosye ansanm pa mwayen reprezantan yo menm yo chwazi. Sa gen ladan l dwa pou fè nan aktivite yo òganize ansanm (nenpòt aktivite, deba, oswa reyinyon ki fèt pou amelyore prensip ak kondisyon travay, oswa enterè gwoup anplwaye yo), nan objektif negosyasyon ki fèt nan tèt ansanm oswa lòt èd oswa pwoteksyon pou tout pati yo, ki pa gen anyen ki deranje, pwoblèm, oswa presyon patwon yo. Men, travayè agrikòl yo pa gen dwa fè grèv. Travayè agrikòl yo pwoteje kont reprezay, tankou revokasyon, si yo pale youn ak lòt sou kondisyon travay e yo òganize. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Komisyon Konsèy Relasyon Piblik Anplwaye a nan 518-457-6410 oswa gade [perb.ny.gov](https://perb.ny.gov).

## OFISYÈL 1YE JANVYE 2021:

### PÈMI LOJMAN TRAVAYÈ AGRIKÒL IMIGRAN

Konpayi yo oblije kontakte Depatman Sante Eta Nouyòk (oswa Depatman Sante Rejyon lokal) epi aplike pou yon pèmi pou ouvri yon fèm oswa yon kan travay k ap gen youn oswa plis travayè imigran. Pou enfòmasyon sou pwosesis pèmi an, tanpri kontakte Depatman Sante Eta Nouyòk la nan **518-402-7600**. Jwenn depatman sante nan rejyon w lan sou: [www.health.ny.gov/contact/contact\\_information/](https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/)